

Konsèy Jistis Anviwònmantal (EJC)

Reyinyon #22

Jedi 30 oktòb 2025

Kote : Oditoryòm Leominster City Hall, 25 West Street, Leominster, MA
6:30 pm rive 8:00 pm

Pwosè Vèbal Reyinyon an

Kote Reyinyon an Fèt : An pèsòn

Dokiman reyinyon an : [Ajenda](#), [Dyapozitiv \(prezantasyon Powerpoint\)](#)

Manm Konsèy yo :

- María Belén Power, Sou- sekretè EEA pou EJ ak Ekite (an pèsòn)
- Marcos Luna- an-pèsòn
- Cheryll Holley- an pèsòn
- Caroline Hon- an pèsòn

- Kalila Barnett – vityèl
- Madeline Fraser Cook- vityèl
- Miles Gresham- vityèl
- Jen Salinetti- vityèl

- Melissa Ferretti- pa t prezan
- Lydia Lowe- pa t prezan
- Patricia Spence- pa t prezan
- Sofia Owen- pa t prezan
- Ari Zorn- pa t prezan
- Peter Maathey- pa t prezan

1. Akèy ak Apèsi sou Lojistik Reyinyon an

María Belén Power te akeyi tout patisipan yo.

Kecil John te bay yon apèsi sou lojistik reyinyon an, tankou itilizasyon bwat kesyon ak repons lan (K&R) ak disponiblite entèprèt yo.

2. Apèsi sou Ajenda a

María Belén Power te revize ajenda reyinyon an.

3. Apèl/ Apwobasyon Pwosè Vèbal Reyinyon Anvan yo

María Belén Power te fè yon apèl manm EJC yo. Nan kòmansman reyinyon an, manm konsèy sa yo te prezan : Marcos Luna, Cheryll Holley, Caroline Hon, Kalila Barnett, Madeline Fraser Cook, Miles Gresham, Jen Salinetti

Manm konsèy sa yo pa t prezan : Melissa Ferretti, Lydia Lowe, Patricia Spence, Sofia Owen, Ari Zorn, Peter Maathey

María Belén te louvri diskisyon an pou yon pwopozisyon pou apwouve pwosè vèbal Reyinyon EJC # 20 12 jen 2025 la. **Cheryll Holley** te pwopoze pou apwouve l. **Caroline Hon** te apiye pwopozisyon an. Tout lòt manm konsèy ki te prezan yo te aksepte pwosè vèbal yo. **Kalia Barnett te fè abstansyon. (7 apwobasyon ak 1 abstansyon)**

María Belén te louvri diskisyon an pou yon pwopozisyon pou apwouve pwosè vèbal Reyinyon EJC # 21 nan dat 21 out 2025 la. **Cheryll Holley** te pwopoze pou apwouve l. **Jen Salinetti** te apiye pwopozisyon an. Tout lòt manm konsèy ki te prezan yo te aksepte pwosè vèbal yo. **Kalia Barnett ak Caroline Hon te fè abstansyon. (6 apwobasyon ak 2 abstansyon)**

4. Premye Seyans Kesyon ak Repons Piblik

Patisipan piblik vityèl yo te bay kòmantè epi poze kesyon :

- Yon patisipan te mande yon kontak pou oryante moun yo pou yo jwenn plis enfòmasyon sou EJ ak ki resous ki disponib.
- Yon patisipan te eksprime enkyetid li konsènan kominote yo ki pèdi deziyasyon yo kòm EJ. Yon manm konsèy la te reponn epi pwopoze metòd pou pwochen etap sou fason yon kominote ka retabli deziyasyon l.

5. Prezantasyon sou MassEnviroScreen

Sou-Sekretè Jistis Anviwònmantral ak Ekite a María Belén Power ak Lyezon Jistis

Anviwònmantral la Syenna Mashmasarmi, ki soti nan **Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman Massachusetts la**, te bay yon apèsi sou MassEnviroScreen. Zouti MassEnviroScreen nan se yon zouti ki fèt pou bay yon nòt chay kimilatif pou chak gwoup blòk resansman nan Massachusetts, ki fèt pou yo ekitab, transparan, ak kolaboratif. Zouti MassEnviroScreen nan pral bay yon sèl zouti aksesib pou piblik la ki montre egzistans chay kimilatif yo. Se OEJE k ap prepare MassEnviroScreen avèk kontribisyon ekip GIS ajans leta yo, ekspè nan domèn edikasyon ak sante piblik yo, CBO yo ak defansè EJ yo, ak reprezantan endijèn yo.

Pwochen etap nan difizyon enfòmasyon konsènan MassEnviroScreen nan gen ladan yon wèbinè jedi 6 novanm, patisipasyon nan reyinyon piblik yo ak seyans remak, ak disponiblite pou bay kòmantè ekri sou aplikasyon wèb an liy nan.

Manm Konsèy yo te mande enfòmasyon sou pwa nòt yo, done ki manke yo ak pran an konsiderasyon eksperyans moun yo viv, epi yo te sijere li ta itil si yo te bay oryantasyon sou fason pou rann zouti a pi pratik, tankou angajman kominotè siplemantè ak fòmasyon aksesib.

Patisipan vityèl yo te mande enfòmasyon sou pran an konsiderasyon topografi a pou amelyore prezizyon ekspozisyon a polyan lè yo ak kominote ki te deziyen kòm kominote EJ yo.

6. Prezantasyon sou Mass Save

Oratè envite ki soti nan **Depatman Resous Enèjetik la, Direktè Efikasite Enèjetik la, Jo Ann Bodemer**, epi **Responsab Prensipal Jistis Anviwònmantral la, Elischia Fludd**, te bay yon apèsi sou pwogram Mass Save la. Mass Save se yon pwogram ki ede rezidan yo ak biznis yo ekonomize lajan sou bòdwo enèji. Jo Ann ak Elischia te egzamine elijiblite sektè rezidansyèl la, sektè revni elijib yo, ak sektè komèsyal ak endistriyèl la. Pwogram Mass Save la konsidere ekite kòm yon faktè kle, aksè a lang, ak oryantasyon pou kliyan rezidansyèl ak ti biznis yo. Nan kad inisyativ sa a, yo mete disponib yon mache anliy pou aparèy chofaj dlo a ponp ak konsiltasyon sou dekabonasyon avèk sèvis tradiksyon yo.

Manm Konsèy yo te mande enfòmasyon sou tout ansanm done yo (sètadi lokatè ak fwaye ki limite nan pale anglè) epi yo enterese wè pousantaj yo avèk tan an kòm yon mezi pwogrè.

7. Dezyèm Seyans Kesyon Piblik ak Repons

Patisipan piblik vityèl yo te soumèt kòmantè, poze kesyon, epi fè sijesyon atravè bwat K&R la.

Kòmantè ki soti nan K&R yo mansyone anba a

#	Kesyon	Non moun ki poze kesyon an	Repons
1	A 7:29, nou te resevwa yon imèl ak yon lèt ki di nou w ap travay sou petisyon an. Sa a se pa jistis. Rezidan yo nan kominote kay mobil sa a merite plis. Yo kwense ant yon zòn endistriyèl ak yon baz fòs aeryèn, ki pèdi divès ranje bwa pen 100 pye ane sa a, epi se egzakteman kote nou tout te eseye enplante yon sit estokaj batri lisyòm prentan sa a. Yo te pèdi estati EJ yo sèlman paske yon moun te bati McMansions sou tè agrikòl nan menm gwo gwoup blòk la. Kenbe sispansyon estati EJ yo pandan reken ap vire otou tè sa a se pa jistis ditou. Mwen dwe ale nan	KRisten Mello	

	yon konferans pwofesè paran yo. Mèsi deske ou pran kòmantè epi fè yo vin yon pati nan dosye piblik la.		
2	Èske Manm Konsèy yo ta vle pale de etap yon katye dwe swiv pou reprann deziyasyon EJ li te pèdi avèk mizajou Resansman 2020 an ? Espesyalman pale de petisyon fevriye 2025 la ki te depoze pa kay rezidansyèl patrimonyal nan 868 Southampton Road, Westfield. Zòn sa a kontinye ap resevwa chay epi li toujou ap tann èd ou. Mèsi.	Kristen Mello	
3	Plan Patisipasyon Kominotè Baz Konjwen Cape Cod la siprime mansyon EJ/DEI. Sa enkyete m puiske li sitiye sou tè leta ki sipoze reponn a Mass EJC	David Dow	
4	Kòmantè : Isit la sou Cape Cod, polisyon eleman nitritif yo ak kontaminasyon pa pwodui chimik toksik yo soti nan basen vèsan plizyè vil ki gen divès popilasyon EJ. Waquoit Waterhed kote m ap viv la gen ladan Falmouth ; Mashpee ak Rezèv Mashpee Wampanoag	David Dow	
5	Kòmantè : An 2003 Katye Jeneral EPA Ameriken an te pibliye yon Analiz enpak anviwònmantal kimilatif Waquoit Bay Watershed ki te pwodui yon afich	David Dow	

8. Pwochen Etap yo ak Sispansyon

María Belén te raple manm konsèy yo pwochen reyinyon **4 desanm** nan nan **Roxbury**.

María Belén te pwopoze pou sispann reyinyon an. **Caroline Hon** te mande pou l sispann. **Kalila Barnett** te apiye. Sophia Spungin te fè apèl la epi tout manm konsèy prezan yo te apwouve. Reyinyon an te sispann a 8:03 pm.